

Rasanble Ale Pran

Apati 1ye janvyè
2010, gen nouvo
egzijans pou lisans
ak katdidantite

Avèk èd nou, ou kapab ale pi vit nan
pwosesis la epi w ap swiv etap sa yo :

Rasanble dokiman w.

Ale nan yon biwo sikilasyon.

Pran nouvo kat ou an.

**Chèche konnen kisa pou ou pote pou w fè
ekonomi yon dezyèm vwayaj !** Sèvi ak lis
verifikasyon ki sou do sa a oubyen enprime
yon lis verifikasyon dokiman pèsònèl ou nan
entènèt :

www.RasanbleAlePran.com

W ap renouvle lisans ou ? Ou kapab fè ekonomi depasman an.

Ou kapab renouvle yon lisans **yon fwa** nan entènèt oswa pa lapòs yon fwa sou de. Ekonomi depasman an se pou renouvèlman lisans oubyen pou ranplasman- se pa pou nouvo lisans oswa chanjman non w sou lisans lan. Pou w renouvle sou entènèt, ale nan www.GoRenew.com.

Nouvo Egzijans pou Dokiman yo

Si se nan biwo a w ap prezante, ou dwe pote **fòm patikilye pou pwouve** idantite w, nimewo Sekirite Sosyal ou ak adrès kote w rete a. Lis verifikasyon ki la yo ba w lis kèk dokiman ki valid. Si w ta vle wè lòt opsyon ki genyen pou dokiman yo, vizite **www.RasanbleAlePran.com**. Ou kapab pwograme yon randevou nan yon biwo nan www.flhsmv.gov.

1. Idantifikasyon : Sitwayen Etazini

W ap pote youn nan sa yo :

- Yon akdenesans sètifye peyi Etazini
- Yon paspò peyi Etazini ki valid
- Yon sètifika natiralizasyon
- Yon prèv konsila bay ki di ou fèt aletranje

2. Nimewo Sekirite Sosyal (si yo te ba w youn)

W ap pote youn nan sa yo :

- Kat Sekirite Sosyal
- Fòm W-2
- Yon chèk lajan travay ou ki montre nimewo a

3. Adrès Kote w Rete (ki pa bwat postal)

W ap pote de nan sa yo :

- Tit pwopriyete, papye mògèdj, livrè peman oswa kontra lokasyon
- Papye anrejistremachin lan nan Florid oubyen tit
- Bòdwo kouran,dlo oswa demann pou yo konekte w

Chanjman non legal (si li aplikab)

- Orijinal oswa kopi sètifye tout sètifika maryaj oubyen jijman lajistis ki montre non w chanje. (Fotokopi ki pa sètifye pa valid)

Moun ki pa Sitwayen Etazini

Egzijans pou dokiman yo se menm pou nimewo Sekirite Sosyal (si yo te ba w youn) ak adrès kote w rete. Pou dokiman idantifikasyon yo, tanpri vizite :

www.RasanbleAlePran.com (850) 617-3995